# Fimen/Vape Pandan Gwosès

## Èske gen kantite fimen/ Vape ki pa danjere pandan gwosès?

Non. Menm kèk sigarèt chak jou Vle di pwodwi chimik danjere pral rive iwenn bebe w epi domaje sante w.

Moun ki ansent ki kite fimen/vape gen bebe ki pi an sante. **Nenpòt dire w rive ansent, kite pral ede bebe w Kounye la ak apre yo fin fèt la.** Pale avèk doktè w jodi a pou jwenn èd pou kite!

## Èske e-sigarèt yo san danje?

Non. **Vapè nan e-sigarèt yo genyen pwodwi chimik ki bay kansè, ak metal lou ki kapab domaje sèvo bebe w k ap devlope a.**




Baby In Womb

## Risk fimen/vape pandan w ansent:

- Domaj nan plasenta a, ki livre oksijèn ak manje bay bebe ki potko fèt la
- Foskouch oswa mòtinalite
- Akouchman anvan lè (anvan 37 semèn ansent)
- Menm si w akouche apre tèm konplè (40 semèn) souvan yo piti anpil epi gen pwoblèm sante paske yo pa te jwenn ase oksijèn ak nitriyan nesesè pandan yo nan vant ou.

## Pale ak doktè w pou jwenn èd pou kite fimen.

**Soutyen GRATIS pou Ede w Kite:**

- Ale sou www.smokefree.gov
- Moun ki ansent: pou SMS itil, voye mesaj make "MOM" nan 222888
- Liv App, yon app gratis ki gen resous pou moun ki ansent
- Voye mesaj make "READY" nan 34191
- Konekte sou equitnow.com

QUIT NOW INDIANA 1.800.Quit.Now


**Devlope pa McMillen Health**